



# YON GID RAPID POU REFERANS NAN RANPLI REKLAMASYON POU ZAFÉ ASIRANS CHOMAJ

[www.filectui.com](http://www.filectui.com)

## Fason pou kreye yon kont sou Entènèt

1). Ale sou sitwèb sekirize Depatman Travay (Labor Department) [www.filectui.com](http://www.filectui.com) epi chwazi ikòn sa a:



2). Chwazi yon idantifikasyon itilizatè (ID) ak modpas pou itilize sèvis nou yo sou Entènèt

Enpòtan: Ou kapab konekte sèlman avèk idantifikasyon itilizatè (ID) ak modpas ou chwazi a. Toujou sonje pou ekri tout enfòmasyon yo epitou pou sere li byen pou jwenn yo pidevan.

3). Kreye metòd peman (ou kapab kreye metòd peman an sou entènèt sèlman):

- Klike sou "Bouton Chwazi/Modifye Peman"
- Chwazi opsyon Depo Dirèk oswa chwazi Kat Debi

\*Nòt: Ou kapab chanje oswa korije metòd peman an nenpòt lè

Konsèy pou Depo Dirèk - ofri peman an pi vit	Konsèy pou Itilize Kat Debi
Si ou chwazi Depo Dirèk, antre nimewo idantifikasyon bank ou ak nimewo kont ou. Pou fè sa, swiv dyagram nan (kontaktenstitisyon finansye ou pou verifye nimewo idantifikasyon kòrèk bank ou ak nimewo kont kòrèk ou)  Ou kapab itilize yon sèl kont labank pou mande Depo Dirèk la. Non ou fèt pou sou kont labank lan.	Si ou pa chwazi Depo Dirèk, n ap voye yon Kat Debi otomatikman ba ou depi nou apwouve peman an (I ap pran apeprè 10 jou ouvrab anvan vèsman premye peman an pou resevwa Kat Debi Chase ou).  Si Kat Debi Chase ou pèdi oswa si yo vòlè kat la, kontakte Chase Bank pou fè yo ba ou yon lòt kat nan: 1-866-315-7808

4). Itilize sitwèb la pou fè demann alokasyon pa semèn ki dwe kontinye:

- Klike sou bouton "File a Weekly Continued Claim" (Fè yon Demann Alokasyon ki Dwe Kontinye Pa Semèn).
- Li kesyon konsènan semèn anvan an avèk anpil atansyon, epi reponn yo.
- Klike sou "Submit" (Soumèt) epi asire ou soumèt demann alokasyon ou san pwoblèm.

\*Nòt: Ou dwe fè yon demann alokasyon pa semèn pou chak semèn ou p ap travay pou ou kapab resevwa avantaj yo. Si ou rate yon demann alokasyon pou yon semèn, ou p ap kontinye fè demann alokasyon ou pa semèn.

5). Fason pou jwenn ransèyman sou demann alokasyon/enprime lis reklamasyon ou fè deja/jwenn enfòmasyon sou enpo sou revni:

- Klike sou bouton "Perform Claim Inquiry"(Chèche Ransèyman sou Demann Alokasyon).
- Wè oswa enprime enfòmasyon sou peman, oswa wè oswa enprime yo kopi enfòmasyon sou enpo sou revni.

## Lòt Sèvis sou Entènèt

Pou jwenn chwa Éd pou Chomaj ki sou sitwèb [www.filectui.com](http://www.filectui.com), chwazi ikòn

vyolèt ki sou bò goch paj-ekran an. N ap reponn demann yo nan 24 trèdtan epi demann yo ap gen sèvis ki endike anba la yo ladan:



- Demann pou debloke kont
- Demann pou chanje adrès
- Chanje kondisyon dediksyon enpo sou revni ou
- Fè yon demann alokasyon ki dwe kontinye pou yon semèn te rate
- Rapò pou retounen travay
- Kreyasyon yon lòt Pin TeleBenefits ou
- Voye yon imèl avèk yon kesyon
- Mande pou kisa ou pa t resevwa peman yo oswa pou kisa ou pa otorize pou fè yon reklamasyon

## **Fason pou Fè Demann Alokasyon ki Dwe Kontinye Pa Semèn**

1). **Chak semèn, ou dwe fè yon demann alokasyon ki dwe kontinye pa semèn.** Si ou rate yon demann alokasyon pou yon semèn, ou p ap kontinye fè demann alokasyon ou. Sa ap lakòz reta nan peman avantaj ou paske ou bezwen kontakte ajans lan pou re-louvri demann alokasyon ou.

- **Fason pou fè yon demann alokasyon pa semèn sou entènèt:** Se fason ki fasil ak pi rapid pou fè yon demann alokasyon. Ale sou sitwèb [www.filectui.com](http://www.filectui.com) epi klike sou lyen *File a Continued Claim* (Fè yon Demann Alokasyon ki dwe Kontinye) pou konekte sou kont ou.
- **Fason pou fè yon demann alokasyon pa semèn nan telefòn:** Si ou pa kapab fè demann alokasyon ou sou entènèt, ou kapab rele liy *TeleBenefits* epi fè Chwa 1. Nimewo telefòn yo pou sistèm *TeleBenefits* se lis ki deyè tiliv Benefits Rights (Dwa pou Avantaj yo) oswa depi ou rele 2-1-1.

2). **Menmsi pifò moun fè demann alokasyon yo pa semèn nan jou dimanch pou semèn almannak anvan an, ou kapab fè demann alokasyon ou pandan nenpòt nan lè sa yo:**

- Orè pou demann alokasyon nan jou DIMANCH: Depi 12:01 dimaten jiska 11 diswa.
- Orè pou fè demann alokasyon nan jou LENDI – VANDREDI: Depi 6 dimaten jiska diswa.

**\*Nòt:**

*Si ou komèt yon erè lè w ap reponn nenpòt nan kesyon sou demann alokasyon, ou kapab konekte ankò nan “File a weekly continued claim” (Fè yon demann alokasyon ki dwe kontinye pa semèn).*

- 3). Ou dwe rapòte tout revni ou touche anvan dediksyon pou travay ou te fè nan semèn ou fè demann alokasyon an. Revni anvan dediksyon se sa ou te touche anvan yo te retire taks yo. Si ou pa rapòte travay la lè ou fè travay la sa ap lakòz yon peman anplis epi sa ka lakòz ou tonbe anba Sanksyon Administratif k ap egal a 50 pousan kantite lajan peman anplis la.
- 4). Fason pou Rapòte Revni Pasyèl: Si ou te travay atanplen oswa atan-pasyèl pou yon patwon, nan travay endepandan, oswa si ou te retounen nan travay atanplen pandan semèn ki fini dènye samdi demann alokasyon ou, ou ka kalifye pou fè yon demann alokasyon akòz chomaj pasyèl. Itilize gid sa yo lè w ap fè demann alokasyon ou:
- Si ou kòmanse travay atan-pasyèl pandan nenpòt semèn w ap fè yon demann alokasyon, ou dwe rapòte tout revni brit ou (salè anvan yo pran taks yo), pou peryòd tan ou te travay la - pa lè ou touche a.
  - Salè anvan dediksyon gen ladan poubwa, komisyon, pèdiyèm ak salè pou afektasyon pèmanan/pwovizwa.
  - Miltipliye kantite èdtan ou te travay pa salè pa èdtan. Egzanp: 10 èdtan x \$10 pa èdtan = \$100. Ajoute tout pouvwa yo nan kantite lajan sa a.

**\*Nòt:** Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou fè demann alokasyon akòz salè pasyèl, ale nan paj 9 tiliv Benefits Rights (Dwa sou Avantaj) ou.

### **Gid Enpòtan pou Avantaj pou Chomaj**

- Dèl: Moun ki kalifye kapab touche 26 semèn avantaj nan yon ane avantaj 52 semèn.
- Verifikasyon Mank Travay: Alokasyon an ap annatant nèf (9) jou pou verifye lè ou te kite travay la.
- Odyans ki Pwogram: Demann alokasyon ki annatant pandan apeprè 10 jou apre yon odyans.
  - Si nou apwouve ou, w ap resevwa peman ki annatant yo. Poutèt sa, ou dwe fè demann alokasyon ou yo pa semèn.
  - Si ou jwenn refi, ou kapab fè yon kontestasyon sou entènèt depi ou chèche “Filing an Appeal on the Internet” (Fason pou fè yon Kontestasyon sou Entènèt) anba “Links to Useful Resources” (Lyen ki Mennen nan Resous Itil) ki sou sitwèb [www.filectui.com](http://www.filectui.com)



Depatman Travay (Department of Labor) ofri anpil sèvis gratis pou retounen nan travay tankou rechèch travay ak èd pou fè rezime, konsèy sou karyè, rekritman patwon ak yon bank djòb oto-sèvis sou entènèt. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan resous ki disponib pou ou, ale sou sitwèb [www.CT.jobs](http://www.CT.jobs) oswa ale nan *American Job Center* lokal ou. Pou jwenn yon *American Job Center* ki toupre ou, ale nan paj 38 ki nan tiliv enfòmasyon sou Dwa pou Avantaj (Benefits Rights) ou.